

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data

Data nya éta fakta émpirik anu dikumpulkeun ku panalungtik pikeun kapentingan ngaréngsékeun masalah atawa ngajawab panalungtikan. Ari sumber data nya éta mangrupa subjék di mana éta data téh nyampakna.

Data dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing rumpaka lagu pop Sunda anu ngandung gejala interférénsi. Cara nangtukeun datana nya éta nyaliksik unggal rumpaka lagu anu dianggap ngandung gejala interférénsi boh léksikal boh gramatikal pikeun dijadikeun data. Ari sumber datana nya éta 9 CD album Pop Sunda Karaoké anu dipilih dumasar éfisiénsi jeung éféktivitas waktu panalungtikan. Demi jurukawih atawa judul albumna nya éta: *Barakatak*, *Bungsu Bandung*, *Campuran Mo-Pop Sunda*, *Darso*, *Doel Sumbang 1*, *Éma Ardana*, *Kompilasi Béntang-bémtang*, *Kompilasi Béntang 3*, jeung *Kulantér 4*. Anapon wincikan sumber datana ditataan ieu di handap.

- a. Barakatak (A.1), eusina aya 10 lagu nya éta
 - (1) Cikopi jeung Bala-bala
 - (2) Sésébrédan
 - (3) Duit Sarébu
 - (4) Poligami
 - (5) Si Madu
 - (6) Teu Bisa Nelepon
 - (7) Hayang Loba Duit
 - (8) Terus Maju
 - (9) Sarébu Persén

(10) Dukun Lepus

b. Duet Pop Sunda Bungsu Bandung Galak Timburu (A.2), eusina aya 9 lagu, nya éta:

- (1) Galak Timuru
- (2) Si Mulut Usil
- (3) Kumis
- (4) Surabi Haneut
- (5) Kapeurih Haté
- (6) Kang Haji
- (7) Beak Pulsa
- (8) Taraté Beureum
- (9) SMS Cinta

c. Campuran Mo-Pop Sunda (Lissa, Darso, Wina DH, Rita Tila, jsté) (A.3), eusina aya 11 nya éta:

- (1) Gairah Cinta (Wina DH)
- (2) Ararateul (Darso)
- (3) Atos Ah (Rita Tila)
- (4) Kapetik Ati (Lissa)
- (5) Paitna Cinta (Salma)
- (6) Tarsih (Darso)
- (7) Engkang (Rita Tila)
- (8) Hariwang (Lissa)
- (9) Cinta Luar Biasa (Widya Utami)
- (10) Karagragan Béntang (Dadang & Soni)
- (11) Galak Sinongnong (Rika Rafika)

d. *By New Calung Darso (A.4)*, eusina aya 11 lagu nya éta:

- (1) Jungjunan
- (2) Sarua jeung Bohong
- (3) Maripi
- (4) Maribaya
- (5) Tanjakan Burangrang
- (6) Néangan
- (7) Pajeujeut
- (8) Sarboah
- (9) Situ Paténgang
- (10) Kembang Tanjung Panineungan
- (11) Kebon Raja

e. *Pop Sunda Doel Sumbang Vol. 1 (A.5)*, eusina aya 11 lagu nya éta:

- (1) Bulan Batu Hiu
- (2) Ai
- (3) Pangandaran
- (4) Somse
- (5) Awéwé Sapi Daging
- (6) Kacida
- (7) Meni Geuleuh
- (8) Édun
- (9) Gunung Bromo
- (10) Si Duyéh
- (11) Si Manéhna

f. Pop Sunda Saléndro Éma Ardana (A.6), eusina aya 10 lagu nya nya éta:

- (1) Karaos Baé
- (2) Pameget Pilihan
- (3) Hoyong Deui
- (4) Lalaki
- (5) Saliara Konéng
- (6) Abdi Tulungan
- (7) Énggalkeun
- (8) Cap Jahé
- (9) Haré-haré
- (10) Seuri Deui

g. Kompilasi Béntang-béntang Karya Dosé Hudaya (A.7), eusina aya 10 lagu, nya éta:

- (1) Dulang Kuring
- (2) Sinyal Cinta
- (3) Cinta Ibarat Kalangkang
- (4) Kahayang Keukeuh
- (5) Bulan Sapotong
- (6) Clom Giriwil
- (7) Cinta Saumur Kembang
- (8) Magnét Cinta
- (9) Nyiap na Tikungan
- (10) Panggeulisna

h. Kompilasi Béntang-béntang 3 (A.8), eusina 10 lagu, nya éta:

- (1) Ih, Kangen (Darso & Rina Ros)


- (2) Bidadari Akang (Dose & Debu)
- (3) Malaikat Cinta (Wina DH)
- (4) Buleud (Évie Tamala)
- (5) Jodo Moal ka Mana (Didi Kempot)
- (6) Digoyang Akang (Barakatak & Astria)
- (7) Paitna Kajujuran (Ayank Andriana)
- (8) Ngadumanis Cinta (Dynasti D & Rita T.)
- (9) Cinta Palarian (Salma)
- (10) Cinta Saparan-paran (Wina J.)

i. *The Best Kulantér 2014 (A.9)*, eusina aya 9 lagu, nya éta:

- (1) Dulang Kuring II (Darso)
- (2) Kosipa (Yayan Jatnika)
- (3) Lain Milih (Darso)
- (4) Angin Peuting (Évie Tamala)
- (5) Cinta Urang Duaan (Darso & Astria)
- (6) Gairah Cinta (Vina)
- (7) Jungjunan (Yayan Jatnika)
- (8) Lamunan (Yayan Jatnika)
- (9) Sinyal Cinta II (Sulé)

3.2 Désain Panalungtikan

Ari désain atawa bagbagan prosés panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku ngumpulkeun data, ngolah data, déskripsi data, nafsirkeun jeung nyindekkeun data panalungtikan. Dina ngumpulkeun data digunakeun téknik studi pustaka kalawan maké instrumén kartu data. Demi téknik dina ngolah data ngagunakeun téknik analisis unsur langsung. Sangkan leuwih tétéla, prosés dina ieu panalungtikan bisa digambarkeun sakumaha ieu:



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa bagian anu kawilang penting dina hiji kagiatan panalungtikan. Éta hal téh mangrupa tarékah pikeun ngahontal udagan dina panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Ieu hal dilakukeun pikeun ngumpulkeun informasi faktual kalawan wincik jeung ngagambarkeun hal-hal nu jadi puseur panitén dina éta objék panalungtikan. Ieu méthode dieuyeuban ku kagiatn prosés analisis sangkan nyangking pedaran teleb ngeunaan interférénsi dina rumpaka lagu pop Sunda tina sababaraha sumber data anu saterusna dianalisis. Anu didéskripsikeunana nya éta perkara interférénsi léksiko-

gramatikal dina rumpaka lagu pop Sunda. Interférénsi léksiko-gramatikal anu didadarkeun nyoko kana

- (1) Interférénsi léksém tina BI kana BS
- (2) Interférénsi wangun kecap (rundayan, kantétan, rajékan) tina BI kana BS
- (3) Interférénsi klausa
- (4) Interférénsi kalimah

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistem kartu data jeung sistem tabél atawa sistem tabulasi.

3.4.1 Kartu Data

Kartu data dina ieu panalungtikan boga fungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Tujuanana sangkan ngagampangkeun dina nganalisis data sarta gampang nyieun kacindekanna. Kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan katitén saperti gambar ieu di handap.

KARTU DATA

No:

rumpaka :

.....(Kode: DS/L2/Pd.1/Pls.2)

unsur léksikal :

a. Sinonimi b. homonimi c. antonimi

unsur gramatikal:

Sumber Dokuméntasi: A.1/DS

Gambar 3.1
Kartu Data Panalungtikan

Katerangan:

Kode : DS = Doel Sumbang, L2= kawih nu ka-2, Pd = Pada, Pls = Padalisan

Sumber Dokuméntasi : A.1 = Album artis ka-1, DS = Doel Sumbang

3.5.2 Sistem Tabulasi

Tabulasi data mangrupa téknik pikeun ngawilah-wilah data anu disusun dina wangun tabél. Format tabulasi data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tabél sakabéh data anu kaasup kana interférénsi, anu satuluyna dipasing-pasing deui datana dina tabél interférénsi wangun léksikal jeung interférénsi wangun gramatikal. Titénan ieu conto wangun tabél di handap.

a. Tabél Data Interférénsi dina Rumpaka Lagu Pop Sunda

Tabél 3.1
Data Interférénsi

No	No Data	Unsur Interférénsi	Makéna dina kalimah	F
1	2	3	4	5
1	001	<i>Adem</i>	<i>Tentram ayem adem ayem</i> (Dar/L7/Pd 3/Pls 3)	1
2	002	<i>Akibatna</i>	Geura rasakeun kitu <i>akibatna</i> (EA/L4/Pd3/Pls4)	1
3	003	<i>Alih subsidi</i>	<i>Alih subsidi</i> (EA/L6/Pd5/Pls6)	1
4	004	<i>anugerah ilahi</i>	Anjeun <i>anugerah ilahi</i> (KB3/L2/Pd3/Pls1)	1
5	005	<i>apél malam minggu</i>	Basa <i>apél malam minggu</i> (Bar/L8/Pd 1/Pls 2)	1
6	006	<i>arusna</i>	Abdi taya daya <i>ngahindar ti arusna</i> (KBB/L7/Pd 3/Pls3)	1
7	007	<i>ayo</i>	Pantang mundur <i>ayo maju</i> (Bar/L7/Pd 1/Pls 2)	2
			Terus maju <i>ayo maju</i> (Bar/L7/Pd 1/Pls 2)	

b. Tabél Data Interférénsi Wangun Léksikal

Tabél 3.2
Interférénsi Léksikal

No urut	No data	Unsur Interférénsi	Wangun Léksikal			F
			Murni	Serepan	Rékaan	
1	2	3	4	5	6	7
1	001	<i>adem</i>		√		1
2	002	<i>akibatna</i>			√	1
3	006	<i>arusna</i>			√	1
4	007	<i>Ayo</i>	√			2
5	008	<i>bajakan</i>			√	2
6	011	<i>bidadari</i>	√			5
7	012	<i>Bikin</i>	√			1
8	013	<i>bodina</i>		√		
9	014	<i>boké</i>		√		4
10	015	<i>boléh</i>	√			1

c. Tabél Data Interférénsi Wangun Gramatikal

Tabél 3.3
Data Interférénsi Wangun Gramatikal

1	2	3	4	5
2	004	<i>amugerah ilahi</i>	Anjeun <i>anugerah ilahi</i> (KB3/L2/Pd3/Pls1)	1
3	005	<i>apél malam minggu</i>	Basa <i>apél malam minggu</i> (Bar/L8/Pd 1/Pls 2)	1
4	009	<i>bayang-bayang</i>	Ngolébat <i>bayang-bayang</i> (KB3/L1/Pd1/Pls3)	1
5	010	<i>Berpegangan</i>	Sonten kamari jajan baso <i>berpegangan</i> (EA/L3/Pd2/Pls4)	1

3.6 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina ieu panalungtikan téh nya éta téknik studi dokuméntasi atawa téknik téks. Téknik studi dokuméntasi atawa téknik téks dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa interférensé léksikal jeung gramatikal basa Sunda tina basa Indonesia nu kapanggih dina lagu pop Sunda. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- 1) Milih CD album pop Sunda kiwari nu sumebar di masarakat.
- 2) Transkripsi rumpaka lagu pop Sunda tina wangun sora kana wangun tinulis.
- 3) Ngawilah-wilah data nu luyu jeung ambahan panalungtikan tina sumber datana.
- 4) Masing-masingkeun data dumasar interférensé wangun léksikal jeung wangun gramatikal.

3.7 Téknik Ngolah Data

Téknik dina ngolah data ngagunakeun métode distribusional kalawan téknik analisis unsur langsung. Aya sababaraha tahapan dina ngolah datana, di antarana:

- a. Ngalakukeun réduksi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina ieu hal, dikumpulkeun sakabéh alat ngumpulkeun data panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna. Analisis datana dimimitian ti ngawilah-wilah data rumpaka lagu pop Sunda nu kaselapan ku basa Indonésia, sumberna tina CD Pop Sunda Karaoké anu jumlahna aya 9 album.
- b. Ngalakukeun tabulasi data nu mangrupa téknik pikeun ngawilah-wilah data anu disusun dina wangun tabél. Teu béda jeung kartu data, tujuan digunakeunana tabulasi data téh sangkan ngagampangkeun dina nganalisis data sarta gampang nyieun kacindekana. Format tabulasi data nu digunakeun dina ieu panalungtikan dina wangun tabél nu ngawengku tabél interférensé wangun léksikal jeung tabél interférensé wangun gramatikal.

- c. Nyieun papasingan data dumasar kana tujuan panalungtikan, nya éta wangun léksikal dumasar rélasi semantis (homonimi, sinonimi, jeung antonimi) jeung wangun gramatikal nu nyoko kana unsur morfologis jeung unsur sintaksis (adegan frasa jeung adegan klausa/kalimah).
- d. Ngalakukeun analisis kana data interférénsi anu beunang dipasing-pasing.
- e. Ngalakukeun interprétasi data atawa napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.
- f. Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana analisis hasil observasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterprétasikeun dina kalimah pernyataan.



